



# SHIPMAN

# Title IX Règleman final: *Kowòdonatè, Anketè, Moun k ap pran Desizyon ak Fòmasyon Fasilitatè Rezolisyon Enfòmèl*

Lekòl Piblik Norwalk yo

# Title IX sou Edikasyon Amanmnan 1972

*« Okenn moun Ozetazini pa dwe,  
pou rezon sèks, wè yo retire  
patisipasyon yo, yo refize ba yo  
avantaj oswa yo sibi  
diskriminasyon nan nenpòt  
pwogram oswa aktivite edikatif ki  
jwenn asistans finansye Federal. »*



# Title IX: Prensip Debaz yo



- Aplike nan pwogram oswa aktivite lekòl yo ap jere ki **jwenn sipò finansye federal**, tankou lekòl primè ak segondè, kolèj, inivèsite, kit se piblik oswa prive.
- Entèdi lekòl k ap resevwa fon federal yo pou yo pratik **diskriminasyon sou baz sèks**.

# Refize Opòtinite Ekitab

Gen twa pwoblèm prensipal kote yon lekòl ka fè fas ak yon pwoblèm elèv Title IX:

- 1 Opòtinite ekitab nan espò
- 2 Aksè nan enstalasyon ki baze sou idantite sèksyèl
- 3 Refize aksè ak edikasyon akòz diskriminasyon sèksyèl, definisyon an gen ladan asèlman seksyèl ak agresyon seksyèl.

# Yo Kapab Aplike Lòt Lwa

## Lwa Connecticut

- Lwa CT yo pwoteje elèv yo ak anplwaye yo kont diskriminasyon sou baz sèks
- Sa gen ladan pwoteksyon sou baz oryantasyon seksyèl ak idantite sèksyèl ak ekspresyon

## Title VII

- Pwoteje anplwaye yo kont diskriminasyon sou baz sèks.
- SCOTUS te detèmine sa gen ladan pwoteksyon sou baz oryantasyon seksyèl ak idantite sèksyèl ak ekspresyon.

# Nouvo definisyon "Entimidasyon" nan CT

“

An Vigè 1ye Jiyè 2021, novo definisyon "entimidasyon" dapre Lwa Piblik Connecticut Nimewo 19-166 li:

**Yon aksyondirèk oswa endirèk epi ki grav, pèmanan oswa anvayisan, ki:**

- A. • lakòz yon moun sibi domaj fizik oswa emosyonèl,
- B. • mete yon moun nan yon laperèz rezonab pou li pa sibi domaj fizik oswa emosyonèl, oswa
- C. • vyole dwa oswa opòtinite yon moun gen nan lekòl.

”

**Li pa nesesè pou konduit yo "repete".**

**Tout ankèt nan Title IX pral bezwen tou abòde entimidasyon.**

# Title IX Aplikasyon

## OCR

- Ajans federal DOE ki responsab pou garanti aksè ekitab nan edikasyon ak ankouraje ekselans nan domèn edikatif atravè aplikasyon dwa sivil yo.
- Ankèt sou akizasyon diskriminasyon epi jwenn rekou pou moun ki pote plent yo pou konbat diskriminasyon

## Tribinal

- Gouvènman federal (DOJ)
- Plent legal endividyèl yo
- Plent kolektif

# Règleman Final 2020



- Nan dat 6 Me 2020 Depatman Edikasyon Etazini te pibliye yon dokiman 2,033 paj ki te amande règleman ki mete an aplikasyon Title IX nan Amannman Edikasyon 1972 yo epi ki te genyen nouvo Règleman Final yo.
- Règleman final yo te vin **an vigè 14 Out 2020**.
- Nouvo Règleman Title IX la **rann lekòl yo responsab si yo pa reponn** yon fason ekitab e rapid ak ensidan ki gen rapò ak move konduit seksyèl yo.
- Règleman Final sa yo, kontrèman ak konsèy ki pase yo te pibliye nan Biwo Dwa Sivil la (Office of Civil Rights, OCR), **gen tout efè lalwa epi yo ranplase tout konsèy ki pase yo**.

Règleman Final yo reprezante yon chanjman enpòtan nan fason yo jere Title IX epi yo gen ladan yo egzijans sou pwosedi ki elabore yo.

# Nouvo Règleman Final Yo: Ki Lè Pou Yo Aplike Yo?



Règleman final yo **pa t egziste deja.**



Règleman final yo aplike sèlman si **swadizan ensidan an** te fèt **nan dat 14 Out 2020 oswa apre.**



Si swadizan ensidan an te fèt anvan 14 Out 2020, Règleman final la **p ap aplike menmsi** plent lan te depoze nan lekòl la nan dat 14 Out 2020 oswa apre.\*



Si yo pa aplike Règleman Final yo, yon lekòl dwe suiv egzijans Title IX ak règleman ki an vigè yo nan moman swadizan ensidan an.

\* *Men, gade Doe v. Rensselaer Polytechnic Institute*, 2020 WL 6118492 (N.D.N.Y. 16 Out 2020).

# Nouvo Règleman Final Yo: Ki Sa k Nouvo?



Yon **definisyon** pou asèlman seksyèl



Yon **obligasyon** pou lekòl yo fè ankèt sèlman sou plent ki gen rapò ak **konduit ki konstate nan kad pwogram oswa aktivite yo genyen yo**




Adopte yon prensip sou **“konesans reyèl”** ak yon **“endiferans volontè”**

Selon Règleman Final yo, si yon distri eskolè gen **konesans aktyèl** sou asèlman seksyèl nan yon pwogram oswa aktivite edikatif nan distri a, distri a dwe reyaji yon fason **rapid** san pa gen **endiferans volontè**



Yon **pwoesisis elabore pou tretman doleyans** fòmèl anrapò ak asèlman seksyèl – **wòl espesifik** administratè yo nan pwoesisis tretman doleyans yo

# Anplwaye Enpòtan



# Pwoesisis Tretman Doleyans yo selon Pwosedisi a

Plent diskriminasyon sèksyèl ki  
enplike akizasyon pou asèlman  
seksyèl



Tretman  
Doleyans yo

*Pwoesisis sa a dekri nan  
detay ki vas nan  
Règleman final yo*

Plent diskriminasyon sèksyèl ki  
PA enplike asèlman seksyèl



Pwoesisis  
Doleyans yo

*Distri yo gen plis facilite  
nan detay sou pwoesi doleyans la,  
toutotan li rapid epi ekitab*

# "Diskriminasyon Sèksyèl"

...rive lè yon moun, akòz sèks li, wè yo  
anpeche l patisipe nan oswa jwenn avantaj ki  
genyen nan nenpòt pwogram edikasyon  
oswa aktivite ki resevwa asistans finansye  
federal.

# E Sa Ki Gen Rapò ak Oryantasyon Seksyèl ak Idantite Seksyèl?



- Nan dat 8 Mas 2021, Prezidan Biden te pibliye Dekrè Egzekitif 14021, *ki Garanti yon Anviwònman Edikatif San Diskriminasyon ki Baze sou Sèks, Tankou Oryantasyon Seksyèl oswa Idantite Seksyèl.*
- Kounye a, OCR ap egzamine Règleman Final yo apre Dekrè Egzekitif sa a.
- Nan dat 16 Jen 2021, OCR te pibliye yon Avi Entèpretasyon ki eksplike li pral aplike entèdiksyon Title IX la anrapò ak diskriminasyon sèksyèl pou mete ladan diskriminasyon ki baze sou oryantasyon seksyèl ak idantite sèksyèl.

# "Asèlman Seksyèl"

“...Konduit ki baze sou sèks ki satisfè youn oswa plizyè nan bagay sa yo:

- Yon **anplwaye** nan Distri a k ap prepare distribisyon èd, avantaj oswa sèvis nan Distri a sou patisipasyon yon moun nan konduit seksyèl endezirab (sa vle di., *quid pro quo*);
- Konduit **endezirab** yon moun ki rezonab ta konsidere kòm **bagay ki vrèman grav, ki anvayisan, epi ki volontèman chokan** ki fè yon moun pa gen aksè ekitab yon fason ki efikas nan pwogram edikasyon oswa aktivite Distri a oswa;
- “**Agresyon seksyèl**”\* (20 U.S.C. 1092(f)(6)(A)(v)), “**vyolans nan relasyon damou**”\* (34 U.S.C. 12291(a)(10)), “**vyolans familyal**”\*(34 U.S.C. 12291(a)(8)) oswa “**asèlman**”\* (34 U.S.C. 12291(a)(30)).

\*Nou ka jwenn definisyon sa yo nan Anèks A nan Règleman Administratif Shipman & Goodwin.

# Kategori Asèlman Seksyèl yo"


**Quid Pro Quo**  
**"Sa a pou Sa a"**

**Konduit endezirab ki vrèman grav, ki anvayisan, epi ki chokan ki** fè yon moun pa gen aksè ekitab yon fason ki efikas nan pwogram edikasyon oswa aktivite Distri a

**Agresyon seksyèl, vyalans nan relasyon damou, vyalans familyal, asèlman**

# Quid Pro Quo – “Sa a pou Sa a”

- Lè yon pwofesè oswa yon lòt anplwaye nan lekòl la soumèt yon desizyon oswa yon avantaj edikatif anrapò ak soumisyon elèv la nan yon **konduit seksyèl endezirab**.



- Asèlman quid pro quo ka rive tou lè yon anplwaye Distri a soumèt kondisyon yon avantaj oswa sèvis anrapò ak soumisyon yon lòt anplwaye **pou konduit endezirab**.

# Konduit Endezirab ki Grav, ki Anvayisan, ki Chokan



- Lè yon pwofesè, yon anplwaye lekòl, yon lòt elèv, oswa yon twazyèm pati adopte yon konduit ki **endezirab** yon moun ki rezonab detèmine ki **tèlman grav, ki anvayisan, epi ki volontèman chokan** ki fè yon moun **pa gen aksè** ekitab yon fason ki efikas nan pwogram edikasyon oswa aktivite Distri a.

# "Zak ki Baze Sou Sèks"

- “Agresyon Seksyèl” (20 U.S.C. 1092(f)(6)(A)(v))
- “Vyolans nan Relasyon Damou” (34 U.S.C. 12291(a)(10))
  - “Vyolans nan Relasyon Damou” (34 U.S.C. 12291(a)(8)) oswa
  - “Asèlman” (34 U.S.C. 12291(a)(30)).

# “Agresyon Seksyèl”

“Ki anglobe definisyon separe sou vyòl, sodomi, agresyon seksyèl ak yon objè, karès, ensès, detounman minè.

Pa Egzanp:

Vyòl – (Eksepte Detounman Minè) Konesans entim yon moun, san konsantman viktим nan, tankou ka kote viktим nan pa kapab bay konsantman l akòz laj moun nan oswa akòz enkapasite mantal oswa fizik tanporè oswa pèmanan moun nan genyen.

Karès – Manyen pati entim yon lòt moun nan lide pou satisfè dezi seksyèl li san konsantman viktим nan, tankou ka kote viktим nan pa kapab bay konsantman l akòz laj moun nan oswa akòz yon enkapasite mantal oswa fizik tanporè oswa pèmanan moun nan genyen.

# Egzanp sou Asèlman Seksyèl yo"

- Avans seksyèl endezirab, demann favè seksyèl, oswa lòt konduit vèbal, ki pa vèbal oswa fizik ki gen karaktè seksyèl tankou:
- Deklarasyon oswa lòt konduit ki endike si yon elèv aksepte oswa rejte pwopozisyon oswa avans seksyèl, sa pral afekte nòt elèv la ak/oswa lòt pwogrè akademik yo.
- Atansyon endezirab ak/oswa avans ki gen karaktè seksyèl, tankou kòmantè vèbal, solisitasyon seksyèl, rega sounwa ak karès fizik.
- Ekspozisyon objè seksyèlman chokan, oswa itilizasyon remak, envitasyon, lèt, imèl, mesaj tèks, nòt, langaj vilgè, blag, foto, desen oswa jès ki seksyèlman chokan oswa endesan.
- Manyen ki gen karaktè seksyèl oswa fè blag ki gen rapò ak sèks oswa ki vilgè.
- Fè kòmantè, blag oswa jès ki gen karaktè seksyèl (ekri oswa vèbal).
- Distribiye imaj ki gen rapò ak sèks yon fason ki klè tankou desen oswa foto, oswa materyèl ekri (tankou distribisyon pa mwayen entènèt).
- Transmèt oswa montre imèl oswa sit entènèt ki gen karaktè seksyèl.
- Rele elèv yo nan tèm ki gen karaktè seksyèl.
- Simaye rimè seksyèl.

# "Konesans aktyèl"

Nan lekòl primè ak segondè yo, yo konsidere Distri a gen yon **konesans aktyèl** lè yo voye avi sou asèlman seksyèl oswa sou akizasyon asèlman seksyèl:

1. bay Kowòdonatè Title IX la
2. bay tout responsab nan Distri a
3. bay **tout anplwaye nan lekòl primè oswa segondè.**

# “Anplwaye”

“

## Anplwaye vle di:

- yon pwofesè, yon pwofesè ranplasan, yon administratè eskolè, yon direktè jeneral eskolè, yon konseye pedagojik, yon konseye eskolè, yon sikològ, yon travayè sosyal, yon enfimyè, yon doktè, yon asistan eskolè oswa yon antrenè distri a anplwaye oswa k ap travay nan yon lekòl primè, fondamantal oswa segondè; oswa
- tout lòt moun ki, nan kad travay li, gen kontak regilye ak elèv yo epi ki bay sèvis ak elèv ki enskri nan yon lekòl primè, fondamantal, segondè oswa nan non yo, selon yon kontra ak Distri a.

”

Definisyon sa a soti nan lwa eta a epi li pa gen ladan Règleman Final yo.

# "Endiferans Volontè"

Depi Distri a gen "konesans aktyèl" sou asèlman seksyèl, li dwe reyaji yon fason ki pa "endiferans volontè." Reyakson yo **dwe**:

- Rapid**
- Trete pati yo yon fason ki **ekitab**
- Ki gen ladan pwopoze **mwayen pou sipòt** moun ki fè plent lan epi gen asirans Kowòdonatè Title IX la kontakte moun ki pote plent lan pou diskite sou mwayen pou sipò yo (menm si yo pa t depoze okenn plent fòmèl)
- Konsidere **volonte moun ki fè plent lan** anrapò ak mwayen pou bay sipò
- Eksplike pwoesis pou **depoze yon plent fòmèl** akpwoesis pou **tretman doleyans yo**
- Swiv pwoesis tretman doleyans yo **anvan ou pran yon desizyon sou responsabilite** epi anvan ou pran tout sanksyon disiplinè yo
- Aplike rekou ki fèt pou **retabli oswa prezève** aksè nan edikasyon


# Lòt Definisyon:

**Moun ki fè plent lan** vle di yon moun ki swadizan viktim yon konduit ki kapab konsidere kòm asèlman seksyèl.

**Akize** vle di yon moun ki swadizan gen yon konduit ki kapab konsidere kòm asèlman seksyèl.

**Plent Fòmèl** vle di yon dokiman moun ki fè plent lan depoze oswa Kowòdonatè Title IX la siyen ki denonse asèlman seksyèl kont yon moun yo akize epi mande pou Administrasyon an mennen ankèt sou akizasyon asèlman seksyèl la.

# Jiridiksyon Title IX



# Plent Fòmèl - Èske Estati Enskripsyón oswa Prezans Moun ki fè Plent lan Enpòtan?

- Yon lekòl dwe aksepte yon plent fòmèl pou asèlman seksyèl nan men yon moun k ap fè plent ki pa **enskri kounye a** nan lekòl la oswa **ki pa ale nan lekòl la** sèlman si moun ki fè plent lan ap **"eseye patisipe"** nan pwogram oswa aktivite edikatif nan lekòl la nan moman yo depoze plent lan.

## Egzanp "tantativ pou patisipe":

- Yon moun ki fè yon plent te kite lekòl la akoz swadizan asèlman seksyèl la epi li montre yon dezi pou l enskri ankò si lekòl la trete akizasyon yo kòmsadwa,
- Yon moun ki fè plent ki gradye men li gen entansyon aplike nan yon nouvo pwogram oswa patisipe nan pwogram ak aktivite ansyen elèv yo,
- Yon moun ki fè plent ki nan konje epi li toujou enskri kòm yon elèv oswa li gen entansyon aplike ankò apre konje a, oswa
- Yon moun ki pote plent te aplike pou admisyon.

# Dimansyon Pwogram Edikasyon ak Aktivite Distri a

Pou rezon ankèt ak plent pou asèlman seksyèl, **pwogram edikasyon oswa aktivite** gen ladan lokal, evènman, oswa sikontans sou kote Distri a egzèse yon kontwòl serye sou espas kote asèlman seksyèl la fèt la ak sou moun yo akize ki komèt asèlman an.



Etablisman eskolè/  
sou lakou lekòl la

Nan lekòl, nan bis  
eskolè, nan pwomnad,  
nan aktivite lekòl la  
finanse (tankou atletik),  
konferans akademik,  
elatriye.

Aprantisaj adistans

# Jiridiksyon Title IX : Ki sa yon "Pwogram Edikasyon oswa Aktivite ye"

“

- Detèmine si yon lekòl gen yon "kontwòl serye" se yon kesyon ki baze sou reyalite yo.

Prefas la di:

- Yon lekòl gendwa gen "kontwòl serye" si se lekòl la ki finanse, ankouraje, oswa patwone pwogram nan oswa aktivite a.
- Yon lekòl gendwa gen "kontwòl serye" kote "yon pwofesè yon lekòl anplwaye vizite kay yon elèv pou swadizan bay elèv la yon liv men an reyalite se pou ankouraje aktivite seksyèl ak elèv la."
- Bilding andeyò lakou lekòl la yon òganizasyon elèv posede oswa kontwole yon lekòl siperyè ki ofisyèlman rekonèt, tankou yon bilding yon asosyasyon elèv posede oswa konfreri.

”

# Asèlman Seksyèl sou Entènèt



Yon elèv k ap asele seksyèlman yon lòt elèv sou Entènèt pandan 1 andeyò lakou lekòl la epi li pa patisipe nan pwogram lekòl la pa kouvri nan kad nouveau Règleman Final la epi pa gen okenn jiridiksyon selon Title IX.

**Demann:** E si konduit andeyò lakou lekòl la gen rapò ak swadizan asèlman ki fèt nan lekòl la?

Distri a ka oblige fè ankèt sou pwoblèm nan selon diferan règleman yo (sa vle di disiplin pou elèv, entimidasyon, elatriye), menm si Title IX pa egzije sa.

# Rapòte



Nenpòt moun ka rapòte yon diskriminasyon sèksyèl, tankou asèlman seksyèl, menmsi moun ki fè rapò a se moun ki swadizan viktim yon konduit ki ka reprezante yon diskriminasyon seksyèl oswa asèlman seksyèl oswa menmsi se pa li.

Tout anplwaye distri a gen obligasyon pou rapòte ka asèlman seksyèl yo.

Sèl konduit ki swadizan te fèt kont yon elèv oswa yon anplwaye aktyèl, oswa yon kandida, epi ki nan peyi Etazini, antre nan kad Title IX la.

# Repons Jeneral pou Asèlman Seksyèl

Si Distri a gen **konesans aktyèl** sou asèlman seksyèl nan yon pwogram edikasyon oswa aktivite Distri a...

Distri a dwe aji **rapid epi nan yon fason ki pa endiferan volontèman.**

Repons Distri a dwe trete moun ki pote plent yo ak moun yo akize yo yon fason **ekitab** lè li bay moun ki fè plent lan mwayen sipò epi lè li swiv pwosesis tretman doleyans ki deki la a *anvan* yo enpoze tout sanksyon disiplinè oswa lòt aksyon ki diferan ak mwayen sipò.

Distri a **endiferan volontèman** sèlman si repons li bay pou asèlman seksyèl la **vrèman pa rezonab** parapò ak sikonstans yo konnen yo.

# Pwosesis Tretman Doleyans Akizasyon pou Asèlman Seksyèl

Distri a resevwa avi oswa konesans aktyèl sou asèlman seksyèl



Distri a bay mwayen sipò



Moun ki fè plent lan depoze plent fòmèl la oswa Kowòdonatè Title IX la siyen 1



Ankèt

Pwosesis Rezolisyon Enfòmèl



Desizyon Anrapò ak Responsabilite

Si yo pa jwenn okenn akò



Apèl

# Prensip Selon Nouvo Règleman Final Yo

## Konsantre sou Pwoesis Nòmal la

- Trete moun ki fè plent lan ak akize a yon fason ekitab
- Ekilib ant moun ki fè plent lan ak moun ki akize a
- Yo dwe swiv pwoesis tretman plent fòmèl yo anvan pou yo ka enpoze disiplin yo

## Pa gen Patipri - Dwe rete Net

- Ant gason/fanm
- Ant moun ki fè plent/akize
- Yo pa baze sou prejje

# Obligasyon Kowòdonatè Title IX yo

## Tit

- Distri a dwe deziyen epi otorize omwen yon anplwaye pou kowòdone aktivite li yo pou respekte responsabilite li yo selon Title IX. Se « Kowòdonatè Title IX la. »
- Yo dwe itilize tit patikilye sa a pou idantifye moun sa a.

## Fòmasyon

- Dwe resevwa fòmasyon sou règleman ak pwosedi Title IX yo.
- Tout materyèl fòmasyon yo dwe afiche sou sitwèb Distri a.

## Obligasyon

- Siveye konfòmite Distri a ak Title IX la.
- Asire yo bay edikasyon ak fòmasyon apwopriye.
- Kowòdone repons pou tout rapò sou diskriminasyon seksyèl ak asèlman seksyèl.

# kowòdonatè Title IX:

## Responsabilite nan Pwoesisis Tretman Doleyans la:



Kontakte chak moun k ap pote plent (ki defini kòm yon moun ki swadizan viktim asèlman seksyèl) pou diskite sou mwayen sipò yo epi enfòme moun k ap pote plent lan sou disponiblite mwayen sa yo avèk oswa san depoze yon plent fòmèl.



Konsidere volonte moun ki fè plent lan anrapò ak mwayen pou bay sipò



Esplike moun ki pote plent lan pwoesisis pou depoze yon plent fòmèl



Swiv pwoesisis tretman doleyans yo anvan yo enpoze sanksyon disiplinè yo si yo jwenn akize a koupab




Si yo jwenn akize a koupab, lè sa a y ap aplike yon fason efikas mwayen rekou yo pou moun ki pote plent lan, ki fèt pou retabli oswa prezève aksè ekitab nan domèn edikasyon pou moun ki fè plent lan.



Dwe san patipri, san prejije, epi san konfli

# Dispozisyon pou Sipò yo

Kowòdonatè Title IX la dwe kontakte moun ki pote plent lan san pèdi tan pou l diskite sou disponiblite dispozisyon pou sipò yo, pran an konsiderasyon volonte moun ki pote plent lan konsènan dispozisyon pou sipò yo, enfòme moun ki pote plent lan sou disponiblite dispozisyon pou sipò yo *avèk* oswa *san* depoze yon plent fòmèl, epi eksplike moun ki pote plent lan pwoesis pou depoze yon plent fòmèl.



# Dispozisyon pou Sipò yo



Kowòdonatè Title IX la pral kenbe dispozisyon pou Sipò yo konfidansyèl sof si sa deranje kapasite pou bay dispozisyon pou Sipò yo (sa vle di yon lòd pou pa gen kontak).

# Ranvwa Ijan

Se vre Distri a dwe pase nan pwosesis tretman doleyans la anvan li enpoze nenpòt sanksyon disiplinè oswa lòt aksyon ki pa dispozisyon pou sipò, Distri a ka ranvwaye yon elèv ki akize sou yon baz ijans.

- Distri a dwe antreprann yon analiz sekirite ak risk endividyèl epi detèmine si yon menas imeda pou sante fizik oswa sekirite yon elèv oswa lòt moun ki gen rapò ak akizasyon an jistifye ranvwa a.
  
- Yo dwe bay akize a yon avi alekri ak yon opòtinite pou konteste desizyon an imedyatman apre yo ranvwaye li.

Sa pa chanje okenn dwa elèv yo genyen selon IDEA, Seksyon 504, oswa ADA a.

# Kesyon Ki Mande Reflechi

- Ki jan sa afekte pwosesis disiplin elèv yo nan Connecticut?
- Ki jan distri a prezève dwa tout pati yo?
- Ki enpak yo genyen sou elèv yo selon IDEA ak Seksyon 504 la?



# Ranvwa Ijan/Konje Administratif

Menm jan an tou, Distri a ka mete yon anplwaye ki akize an konje administratif pandan peryòd pwoesisis tretman doleyans la.



Sa pa chanje okenn dwa  
anplwaye yo genyen selon  
Seksyon 504 oswa ADA a.

# Plent Fòmèl

Depoze yon plent fòmèl deklannche kòmansman pwoesisis tretman fòmèl doleyans la:

Enfòme  
Moun ki fè  
plent lan

Asire  
jiridiksyon an  
selon Title IX

Siyen yon  
Plent Fòmèl

- Kowòdonatè Title IX la pral enfòme moun ki pote plent lan sou dwa pou depoze yon plent fòmèl
- *Men, li pa pral ankouraje* oswa dekouraje yon moun pou depoze yon plent fòmèl
- Nan moman y ap depoze yon plent, moun k ap fè plent lan dwe patisipe oswa eseye patisipe nan pwogram oswa aktivite edikatif Distri a.
- Paran yon elèv oswa Kowòdonatè Title IX la ka depoze plent fòmèl.
- Lè Kowòdonatè Title IX la siyen yon plent fòmèl, li PA moun ki pote plent lan ni li pa yon pati.

# Ki Lè Kowòdonatè Title IX la ta Dwe Siyen yon Plent Fòmèl?

- Se gendwa lè moun k ap pote plent lan pa vle depoze yon plent fòmèl. Kowòdonatè Title IX la dwe respekte volonte moun ki pote plent lan si li **pa rezonab yon fason ki klè** selon sikontans yo konnen yo.
- Si Kowòdonatè Title IX la konsidere li **pa rezonab yon fason ki klè** selon sikontans yo konnen yo pou pa kontinye ak pwoesisis tretman doleyans fòmèl la, Kowòdonatè Title IX la dwe siyen yon plent fòmèl. Kidonk, pwoesisis tretman doleyans fòmèl la kòmanse.

**Demann:** Nan ki sikontans yon desizyon pou pa siyen yon plent gendwa konsidere kòm "pa rezonab yon fason ki klè?"

# Tretman Doleyans yo Kondisyon Debaz

Depoze yon plent fòmèl se premye etap nan pwosesis tretman doleyans fòmèl pou asèlman seksyèl. Pwosesis la dwe trete moun ki fè plent yo ak akize yo yon fason **ekitab** lè:

Bay Rekou pou

Moun ki pote plent lan si/lè

yo jwenn Akize a Koupab

- Dwe gen rekou ki fèt pou retabli oswa prezève aksè ekitab nan pwogram edikasyon oswa aktivite Distri a
- Rekou yo ka gen ladan dispozisyon pou sipò; sepandan, li pa nesesè pou rekou yo pa disiplinè oswa san pinisyon epi yo pa dwe evite sanksyone akize a.

Sanksyon Disiplinè SÈLMAN Apre  
Pwosesis Tretman Doleyans la

- Yo dwe swiv pwosesis tretman doleyans yo anvan tout enpozisyon tout sanksyon disiplinè oswa lòt aksyon ki diferan ak dispozisyon pou sipò kont yon akize.
- Tretman Doleyans yo dwe **rapid yon fason ki rezonab**
- Sipozisyon inosans

# Tretman Doleyans yo Kondisyon Debaz

## Evalyasyon Prèv

- Pwoesis tretman doleyans la mande yon evalyasyon tout prèv ki enpòtan - tankou ni prèv ki montre ou koupab ni prèv ki montre w gen rezon.
- Detèminasyon kredibilité pa ka baze sou estati yon moun kòm moun ki fè plent, akize, oswa temwen.

## San prejje oswa Konfli enterè

- Kowòdonatè Title IX yo chwazi a, anketè yo, moun k ap pran desizyon yo, ak fasilitatè rezolisyon enfòmèl yo pa dwe gen yon konfli enterè oswa prejje kont moun ki fè plent yo oswa akize yo an jeneral, oswa yon moun ki fè plent oswa yon akize pèsonèlman.

# "Konfli Enterè"

“Yon konfli enterè rive lè yo pwouve Kowòdonatè Title IX, anketè ak/swa moun k ap pran desizyon gen enterè pèsonèl, finansye ak/oswa familyal ki afekte rezulta ankèt la.

Definisyon "konfli enterè" sa pa gen ladan Règleman Final yo. Yo te pran definisyon sa a nan lòt domèn nan lwa a epi li gen entansyon pou reprezante konsèp la.

# “Prejije”

“Prejije fèt lè yo pwouve Kowòdonatè Title IX la, anketè, ak/oswa moun k ap pran desizyon yo demontre yon prejije reyèl, olye yo bay aparans prejije Vrè prejije a pa sèlman gen ladan, demontre rayisman pèsonèl kont akize a oswa moun ki pote plent lan ak/oswa prejije sou reyalite yo abòde nan ankèt la.

Definisyon "prejije" pa gen ladan Règleman Final yo. Yo te pran definisyon sa a nan lòt domèn nan lwa a epi li gen entansyon pou reprezante konsèp la.

# Tretman Doleyans yo Kritè Prèv yo

Distri yo ka chwazi youn nan de kritè sa yo pou yo itilize pou detèmine responsabilite a, men yo dwe itilize menm kritè sa yo pou tout moun ki fè plent asèlman seksyèl, kèlkeswa se kont yon elèv oswa yon anplwaye.

Dominasyon

Klè epi  
Konvenkan

Dominasyon nan  
kritè prèv la

Plis chans pase  
non

Prèv klè epi  
konvenkan

Kritè ki pi elve

Plis chans pou se  
laverite pase  
manti

# Avi sou Akizasyon yo

Lè yo resevwa yon plent fòmèl pou asèlman seksyèl, Distri a dwe voye bay pati ki konsène yo yon **avi alekri** epi bay pati yo yon kopi nan pwoesisis tretman doleyans yo.

- Ou ka jwenn enfòmasyon yo dwe mete nan avi a nan Règleman final yo
- Gen yon modèl avi ki nan règleman administratif yo nan modèl Shipman & Goodwin LLP

SAMPLE WRITTEN NOTICE FOR FORMAL COMPLAINTS OF SEXUAL HARASSMENT  
[LETTERHEAD]

**NOTICE OF SEXUAL HARASSMENT ALLEGATIONS**

In accordance with the Board's Policy and Administrative Regulations Regarding Title IX of the Education Amendments of 1972 - Prohibition of Sex Discrimination and Sexual Harassment (Students), a formal complaint of sexual harassment has been filed with the Title IX Coordinator.

Identify of the parties involved, if known:  
 (Complainant(s))  
 (Respondent(s))

The conduct allegedly constituting sexual harassment:

The date and the location of the alleged incident, if known:

The Title IX Coordinator or designee will contact the parties regarding the next step in the grievance process. Questions can be directed to the Title IX Coordinator: [INSERT CONTACT INFORMATION FOR TITLE IX COORDINATOR]

The respondent is presumed not responsible for the alleged conduct. A determination regarding responsibility is made at the conclusion of the grievance process.

All parties involved may have an advisor of their choice who may be, but is not required to be, an attorney. This advisor may inspect and review evidence as permitted by the Board's Administrative Regulations Regarding Title IX of the Education Amendments of 1972 - Prohibition of Sex Discrimination and Sexual Harassment (Students).


It is a violation of the Board's Student Discipline Policy to lie to school officials or otherwise engage in dishonest behavior, which includes knowingly making false statements or knowingly submitting false information during the grievance process. Any student who knowingly makes false statements or knowingly submits false information during this grievance process will be subject to sanctions pursuant to the Board's Student Discipline Policy. Any employee who knowingly makes false statements or knowingly submits false information during this grievance process is subject to discipline, up to and including termination.

A copy of the Board's Policy and Administrative Regulations Regarding Title IX of the Education Amendments of 1972 - Prohibition of Sex Discrimination and Sexual Harassment (Students) is included with this notice.

Si, pandan yon ankèt, Distri a deside mennen ankèt sou akizasyon anrapò ak moun ki fè plent lan oswa akize ki pa nan avi a, Distri a dwe bay yon **lòt avi**

# Anile yon Plent Fòmèl

Kowòdonatè Title IX la **dwe** anile nenpòt plent fòmèl




1. ki **pa** reprezante yon asèlman seksyèl (selon definisyon ki nan Règleman Final yo) menm si yo te pwouve
2. Sa **pa** t fèt nan pwogram oswa aktivite edikasyon Distri a, oswa
3. Sa **pa** t fèt kont yon moun ki Etazini.

# Anile yon Plent Fòmèl


Kowòdonatè Title IX la **dwe** rejte yon plent fòmèl oswa nenpòt akizasyon ki ladan 1, selon sikonstans sa yo:

1. Moun ki fè plent lan fè Kowòdonatè Title IX la konnen alekri yo ta renmen **anile** plent fòmèl la oswa nenpòt akizasyon ladan 1,
2. Akize a **pa enskri nan oswa anplwaye nan** Distri a ankò, oswa
3. Sikonstans espesifik yo anpeche Distri a rasanble **ase prèv** pou rive jwenn yon rezolisyon konsènan plent fòmèl la oswa akizasyon ki ladan 1 yo.

# Anile yon Plent Fòmèl



Lè gen yon ranvwa pou nenpòt rezon, Distri a dwe voye *byen rapid* yon **avi alekri** sou rejè a epi *anmenm tan* ak rezon yo bay anrapò ak sa pou chak pati yo.  
Nenpòt pati ka fè apèl kont ranvwa a.



Yon ranvwa obligatwa pa anpeche Distri a poze aksyon selon règleman Disiplin Elèv la, Kòd Konduit pou elèv ak/oswa anplwaye yo, oswa nenpòt lòt règ aplikab, règleman, ak/oswa akò kolektif ki an vigè.

# Ankèt

Lè yo depoze yon plent fòmèl, yo pral chwazi youn oswa plizyè nan anketè yo pou rasanble prèv ki enpòtan epi ekri yon rapò ankèt.

## Prèv pou koupab

- Prèv pou koupab ak rasanble ase prèv pou rive nan yon rezolisyon pou koupab ki repoze sou Distri a men se pa sou pati yo.
- Distri a dwe jwenn konsantman alekri yon fason volontè (oswa konsantman yon paran/moun ki responsab) pou jwenn dosye medikal yo dwe itilize nan pwoesisis tretman doleyans la.


## Opòtinite Ekitab pou pati yo

- Anketè a (yo) dwe bay pati yo yon opòtinite ekitab pou prezante temwen yo, tankou temwen reyèl ak temwen espesyalis, ak lòt prèv ki montre ou koupab oswa ki montre ou gen rezon.

## Pa gen restriksyon pou kèlkeswa pati a

- Anketè a (yo) pa gendwa limite kapasite okenn nan pati yo pou diskite akizasyon yo sou baz ankèt ki mennen oswa pou rasanble epi prezante prèv yo.

# Ankèt: Dwa ak yon Konseye



Ni moun ki fè plent lan ni akize a dwe gen menm opòtinite pou genyen lòt moun ki prezan pandan nenpòt pati nan pwoesisis tretman doleyans la, tankou opòtinite pou yon konseye yo chwazi akonpanye yo. Moun sa a kapab yon avoka, men li pa oblige sa.

Distri a ka etabli restriksyon konsènan jis nan ki pwen konseye a ka patisipe nan pwoesisis la, **toutotan restriksyon yo aplike yon fason ki ekitab pou toude pati yo.**

# Ankèt

Pou tout reyinyon oswa entèvyou ankèt, anketè a (yo) dwe voye yon **avi alekri** bay tout pati kote yo **solisite oswa anvizaje patisipasyon l.** Avi a dwe gen ladan:



- Dat:
- Lè:
- Adrès:
- Patisipan
- Rezon

Anketè a (yo) dwe bay ase tan pou pati a prepare pou l patisipe.

# Ankèt Jeneral

Entèvyou ak Moun ki fè plent lan

Entèvyou ak Akize a

Entèvyou ak temwen yo

Deklarasyon temwen yo alekri

Egzamine prèv fizik yo

Egzamine enfòmasyon medikal yo si yo anile privilèj la

Egzamine dosye elèv yo

Egzamine siveyans vidéyo

# Konsèy pou Anketè

## Prepare

- Prepare kesyon yo alavans

## Detounen

- Prepare w pou w ekate lis kesyon ekri yo toutpandan istwa a ap dewoule

## Kreye

- Kreye yon anviwònman entèvyou ki fè moun santi yo an sekirite - Pa fè entimidasyon

## Koute

- Koute ak anpil atansyon epi san fòs kote (ki pa gen patipri)

## Pataje

- Li enpòtan pou pati yo konnen ki moun ou ye ak ki wòl ou jwe

# Eleman pou yon Ankèt Ekitab

- Rapid, total, ekitab
- San fòs kote
- Opòtinite pou yo tande moun nan
- Pa gen prejije; pa prese jije
- Rasanble plis "prèv" ki posib yon fason rezonab
- Note chak etap enpòtan nan ankèt la (ak dat)
- Anrejistre tout prèv ou jwenn pandan ankèt la
- Ou dwe yon moun ki gen panse ki efikas- èske enfòmasyon yo soutni konklizyon an/satisfè kritè ou bezwen pwouve yo
- Se pou w gen pasyans

# Ankèt: Egzamine Prèv yo

- Anketè a (yo) dwe bay toude pati yo yon opòtinite ekitab pou yo enspekte ak egzamine **nenpòt ak tout prèv** yo jwenn nan kad ankèt la ki **gen rapò dirèkteman** ak akizasyon yo nan plent fòmèl la.
- Sa gen ladann nenpòt prèv anketè a (yo) pa gen entansyon konte ak nenpòt prèv ki montre ou koupab oswa ki montre ou gen rezon.
- Anketè a (yo) dwe voye bay chak pati (ak konseye pati a, si genyen), prèv ki gen rapò ak enspeksyon ak revizyon yo swa nan fòma elektwonik oswa kopi papye.
- Pati yo dwe gen omwen **10 jou** (10 jou lekol nan Règleman Administratif modèl Shipman & Goodwin) pou soumèt yon repons alekri.
- Anketè a (yo) dwe konsidere repons alekri sa yo anvan yo fè rapò ankèt la.

# Ankèt: Rapò Ankèt la



- Anketè a (yo) dwe fè yon rapò ankèt ki rezime yon fason ki jis prèv ki **enpòtan** yo epi yo dwe voye rapò a bay chak pati (ak konseye pati a, si genyen) nan fòma elektwonik oswa kopi papye.
- Se PA yon koleksyon prèv. Sa a se yon rapò deskriptif.
- Pi bon pratik: gen ladan enfòmasyon moun k ap pran desizyon an pral bezwen
- Pa bezwen mete TOUT prèv ki enpòtan yo.

# Ankèt: Rapò Ankèt la



- Annapre, chak pati ka bay yon **repons alekri** nan rapò ankèt la.
- Yo dwe bay rapò a **omwen 10 jou** anvan moun k ap pran desizyon an deside
- Moun k ap pran desizyon an **dwe konsidere** repons ekri yo

# Moun k ap Pran Desizyon an

- Distri a dwe chwazi moun k ap pran desizyon an (yo), ki dwe yon lòt moun ki pa Kowòdonatè Title IX la oswa anketè a (yo).
- Anketè a (yo) ak moun k ap pran desizyon an (yo) pa ta dwe diskite sou enfòmasyon yo ak/oswa rezolisyon ankèt la pandan tretman plent fòmèl la. Pèmèt anketè yo ak moun k ap pran desizyon yo rete san prejje.

# Odyans An Dirèk- Ochwa



- Lè rapò ankèt la fini, Distri a ka pwopoze yon odyans, men li pa oblige fè sa.
- Si Distri a chwazi fè yon odyans (an dirèk oswa lòt fason), Règleman Final yo bay distri eskolè K-12 la yon gwo libète anrapò ak fason pou mennen yon odyans konsa.

Pa egzanp, Kowòdonatè Title IX la ka detèmine li apwopriye pou fè yon odyans an dirèk lòske elèv yo depase yon sèten laj, lòske elèv yo nan lekòl segondè, oswa lòske toude pati yo mande oswa konsanti pou yon odyans.

# Moun k ap Pran Desizyon an : Kesyon Alekri

- Apre yo fin voye rapò ankèt la bay pati yo, moun k ap pran desizyon an (yo) dwe bay chak pati opòtinite pou yo soumèt ksyon ki enpòtan yo alekri yon pati vle poze nenpòt pati oswa temwen.
  - Yo dwe bay pati yo opòtinite pou yo soumèt ksyon yo alekri menmsi Distri a bay yon odyans an dirèk.
- Lè sa a, moun k ap pran desizyon an (yo) dwe bay chak pati repons yo epi pèmèt chak pati yo poze lòt ksyon pou swivi ki limite.
- Moun k ap pran desizyon an (yo) dwe eksplike pati ki pwopoze ksyon an tout desizyon ki gen rapò ak rejte yor. ksyon ki konsidere kòm ksyon ki pa enpòtan.



# Ki sa Prèv enpòtan yo ye?

Anketè k ap prepare yon rapò ankèt ak moun k ap pran desizyon anrapò ak otorizasyon kesyon yo dwe detèmine si prèv yo **enpòtan**.

- Prèv yo enpòtan si yo gen yon tandans fè yon bagay plis oswa mwens pwobab pase sa li ta dwe ye san prèv yo epi si yo nesesè pou trete kesyon ki gen rapò ak asèlman seksyèl.
  - Nosyon enpòtan an vas epi li ka gen ladan kesyon sou ki moun, ki sa, ki lè, ak ki jan nan akizasyon yo, ansanm ak kesyon ki gen rapò ak motif oswa prejije, pamì lòt yo.
  - Prèv ki enpòtan yo gen ladan ni prèv ki montre ou koupab ni prèv ki montre ou gen rezon (sa vle di yo dwe gade prèv ki favorab ak prèv ki pa favorab pou nenpòt pati).
- Prèv ki reprezante oswa k ap chèche revele
- enfòmasyon ki pwoteje nan kad yon privilèj lalwa rekonèt
- (sa vle di avoka-kliyan oswa doktè-pasyan)
- pa ka egzije, otorize, oswa aksepte, sof si
- moun ki genyen privilèj la te renonse ak privilèj la.



# Pwoteksyon kont Vyòl

Anketè yo ak moun k ap pran desizyon yo pa otorize pou poze kesyon oswa chèche prèv sou zak seksyèl ki pase anrapò ak yon moun ki fè plent paske yo konsidere aksyon sa yo pa enpòtan. Pati yo pa ka poze kesyon sa yo youn ak lòt.

*Sòf si...* yo sèvi ak prèv la pou pwouve:

- se yon lòt moun ki diferan ak akize a ki
- te komèt swadizan zak la, oswa
- ensidan presi anrapò ak konpòtman seksyèl ki pase ant moun ki fè plent lan ak akize a epi yo te itilize sa
- pou pwouve konsantman an.



# Konsantman



- Title IX pa defini "konsantman"
- Depatman Edikasyon fè silans volontèman sou pwoblèm sa a. Distri yo dwe bay yon definisyon pou konsantman epi toujou itilize definisyon an.
  - Kowòdonatè yo, anketè yo, moun k ap pran desizyon yo dwe resevwa fòmasyon sou definisyon konsantman Distri a.
  - Definisyon an ka gen enpak sou si asèlman seksyèl te fèt epi si kèk prèv akzeptab nan kad Pwoteksyon kont Vyòl.

# Konsantman Pozitif



- Konsantman Pozitif vle di yon akò **aktif, klè** ak **volontè** yon moun pou patisipe nan aktivite seksyèl ak yon lòt moun.
- Lè w ap detèmine si yo te bay konsantman pou aktivite seksyèl, considere bagay sa yo:
  - Èske **tout** moun ki te patisipe nan aktivite seksyèl la te bay konsantman yo?
  - Konsantman an ka anile nenpòt ki lè.
  - Se responsabilite chak moun pou asire li gen konsantman tout moun ki te patisipe nan aktivite seksyèl la pandan tout aktivite seksyèl la.
  - Te gen yon relasyon damou/seksyèl anvan oswa aktyèlman ant pati yo, sa pa reprezante yon eleman esansyèl nan konsantman an.

# Konsantman Pozitif

- Se PA yon eskiz valab pou akize a:
  - te kwè yo te gen konsantman paske akize a te
  - entoksike oswa ensousyan oswa pa t pran dispozisyon rezonab
  - pou verifye konsantman an; oswa
  - te kwè yo te gen konsantman si akize a te konnen oswa li ta dwe konnen moun ki pote plent lan pa t kapab bay konsantman paske moun ki pote plent lan te san konesans, li te andòmi, li pa t kapab akoz dwòg oswa alkòl, oswa okontré, li pa t kapab kominike; oswa
  - te kwè yo te gen konsantman si akize a te konnen oswa ta dwe konnen moun ki pote plent lan pa t kapab bay konsantman akòz laj li oswa akoz diferans laj ki gen ant pati yo.



# Moun k ap Pran Desizyon an : Detèminasyon Responsabilite



Moun k ap pran desizyon yo dwe evalye prèv ki enpòtan yo epi deside si yo satisfè kritè prèv yo pou demonstre te gen asèlman seksyèl.

- Dominasyon nan kritè prèv yo = plis chans pase pa koupab.
- Prèv klè ak konvenkan = trè pwobab pou se vre



Desizyon an dwe baze sou yon evalyasyon san fòs kote nan prèv yo, epi moun k ap pran desizyon an dwe kapab eksplike rezon li genyen an ki baze sou prèv.



Moun k ap pran desizyon yo bezwen sèvi ak jijman yo ki san paspouki epi ki pa gen konfli enterè ak prejje.

# Moun k ap Pran Desizyon an : Detèminasyon Responsabilite

Moun k ap pran desizyon an (yo) ap bay yon rezolisyón alekri konsènan responsabilite a. Rezolisyón ekri a pral gen ladan:

- 1 idantifikasyon akizasyon yo ki kapab se asèlman seksyèl;
- 2 yon deskripsiyon dispozisyon ki pran anrapò ak pwosedi yo depi yo resevwa plent fòmèl la jiska rezolisyón an, ki gen ladan nenpòt notifikasiyon yo bay pati yo, entèvyou ak pati yo ak temwen yo, vizit sou teren, metòd yo itilize pou rasanble lòt prèv, ak odyans ki fèt (si sa aplikab);
- 3 Konklizyon sou enfòmasyon k ap sipòte rezolisyón an ;
- 4 konklizyon konsènan aplikasyon kòd konduit Distri a (règleman disiplin elèv) nan sikontans yo;
- 5 yon deklarasyon ak yon jistifikasiyon pou rezulta chak akizasyon, ki gen ladan yon rezolisyón konsènan responsabilite, nenpòt sanksyon disiplinè Distri a pral enpoze sou akize a, epi si rekou ki fèt pou retabli oswa pou prezève aksè ekitab nan pwogram edikasyon oswa aktivite nan Distri a, Distri a pral bay moun ki pote plent lan; epi
- 6 pwosedi Distri a ak baz ki akseptab pou moun ki pote plent lan ak akize a fè apèl.

Yo pral voye rezolisyón alekri a bay **toude** pati yo **nan menm moman**.

# Moun k ap pran desizyon an : sanksyon disiplinè

## Elèv ki Akize

- Elèv yo akize yo jwenn ki koupab yo ka sibi sanksyon disiplinè jiska ekspilsyon.

## Anplwaye ki Akize

- Anplwaye yo akize yo jwenn ki koupab yo ka sibi sanksyon disiplinè jiska revokasyon.

## Lòt Akize

- Yo ka mete lòt moun ki akize yo deyò nan pwogram, aktivite ak/oswa pwopriyete Distri a.

## Ranvwa Penal

- Nan sikonstans ki apwopriye, Distri a ka fè yon ranvwa penal.

## Rekou

- Dwe gen rekou ki fèt pou retabli oswa prezève aksè ekitab nan pwogram edikasyon oswa aktivite Distri a.

# Apèl

Nenpòt pati ka fè apèl kont yon rezolisyon responsablite oswa pou anile yon plent fòmèl sou baz sa yo:

- Nouvo prèv ki pa t disponib yon fason resonab nan moman kote rezolisyon responsablite a oswa yon revokasyon te fèt, ki ta ka gen yon enpak sou rezulta pwoblèm nan;
- Iregularite nan pwosedi ki afekte rezulta pwoblèm nan; oswa
- Kowòdonatè Title IX la, anketè, ak/ oswa moun k ap pran desizyon te gen yon konfli enterè oswa patipri pou oswa kont moun ki fè plent yo oswa akize yo an jeneral, oswa moun ki fè plent lan oswa akize a pèsonèlman ki gen enpak sou rezulta pwoblèm nan.

Distri a ka ajoute lòt motif pou apèl akondisyon yo pwopoze yo bay toude pati yo yon fason ki ekitab.

# Apèl


Lè yo depoze yon apèl, Distri a:

- Bay lòt pati a avi alekri epi aplike pwosedi apèl yo yon fason ekitab pou toude pati yo;
- Asire moun k ap pran desizyon an (yo) pou apèl la se pa anketè a (yo), Kowòdonatè Title IX la, oswa moun k ap pran desizyon an (yo) pou detèminasyon Responsabilite a;
- Bay toulede pati yo yon opòtinite rezonab e egal pou yo soumèt yon deklarasyon alekri pou sipòte oswa konteste rezulta a;
- Bay yon desizyon alekri ki dekri rezulta apèl la ak jistifikasyon rezulta a; epi
- Bay toude pati yo desizyon alekri a an menm tan.

Yo **ka** kontinye bay dispozisyon pou sipò yo ak youn oswa toulede pati yo pandan tout pwosesis apèl la.

# Pwoesis Rezolisyon Enfòmèl


Nan nenpòt ki lè anvan yo rive nan yon detèminasyon responsablite, Distri a gen opsyon pou sijere pati yo yon pwoesis rezolisyon enfòmèl, tankou medyasyon, pou trete plent fòmèl la. Distri a **pa oblige** ofri pwoesis sa a. Anvan yo fasilite yon rezolisyon enfòmèl pou yon plent fòmèl, Kowòdonatè Title IX pral:



Bay pati yo avi alekri  
pou pibliye akizasyon yo



Sonje egzijans pwoesis  
rezolisyon enfòmèl yo



Remake nenpòt konsekans  
lè w patisce nan pwoesis  
rezolisyon enfòmèl la



Jwenn konsantman volontè  
alekri toude pati yo pou  
angaje nan yon rezolisyon  
enfòmèl

# Pwoesis Rezolisyon Enfòmèl

- Fasilitatè rezolisyon enfòmèl la dwe yon lòt moun ki pa anketè a oswa moun k ap pran desizyon an (si yo déjà chwazi) epi li dwe san konfli enterè, prejije, epi li dwe sèvi san patipri.
- Se kapab Kowòdonatè Title IX la
- Anvan yo dakò ak nenpòt rezolisyon, nenpòt pati gen dwa pou l soti nan pwoesis rezolisyon enfòmèl la epi rekòmanse pwoesis tretman doleyans la konsènan plent fòmèl la.
- Si yo rive jwenn yon rezolisyon ki bay satisfaksyon atravè pwoesis enfòmèl sa a, y ap konsidere pwoblèm nan rezoud. Si efò sa yo pa reyisi, pwoesis tretman doleyans fòmèl la ap kontinye.


*REMAK: Pwoesis sa a pa disponib pou trete yon plent fòmèl kote yon anplwaye te asele seksyèlman yon elèv.*

# Ki jan pou Sèvi San Patipri

- Tout moun ki deziyen kòm yon anketè, moun k ap pran desizyon, moun k ap pran desizyon pou fè apèl, yon fasilitatè rezolisyon enfòmèl, oswa yon kowòdonatè Title IX dwe sèvi san patipri epi yo dwe evite gen prejije sou reyalite ki konsène a, konfli enterè, ak patipri.
- Anketè yo ak moun k ap pran desizyon yo pa kapab evalye oswa kolekte prèv nan yon fason ki baze sou paspouki oswa ki favorize moun ki pote plent yo plis pase akize a oswa gason yo plis pase fanm yo.

*REMAK: Tretman diferan pou moun k ap pote plent yo ak akize yo akòz paspouki ki baze sou sèks konsènan fason gason ak fanm konpòte yo nan domèn vyolans seksyèl ki vyole Title IX.*

# Vanjans



- Vanjans kont nenpòt moun ki pote plent pou asèlman seksyèl **entèdi fòmèlman**. Distri a dwe pran dispozisyon pou anpeche gen vanjans apre depozisyon yon plent. Yo ka depoze plent pou swadizan vanjans selon pwosedi doleyans pou diskriminasyon sèksyèl la.

# Konsèvasyon Dosye

- Distri a dwe kenbe pandan yon peryòd sèt (7) ane dosye sou:
- Chak ankèt sou asèlman seksyèl ki gen ladan nenpòt rezolisyon konsènan responsablite, nenpòt sanksyon disiplinè yo enpoze akize a, ak nenpòt rekou yo bay moun ki pote plent lan fèt pou retabli oswa prezève aksè ekitab nan pwogram edikasyon oswa aktivite distri a;
- Nenpòt apèl ak rezulta apèl la;
- Nenpòt rezolisyon enfòmèl ak rezulta rezolisyon sa a bay; epi
- Tout materyèl yo itilize pou fòme Kowòdonatè Title IX yo, anketè yo, moun k ap pran desizyon yo, ak nenpòt moun ki fasilitè yon pwosesis rezolisyon enfòmèl. Distri a pral mete materyèl fòmasyon sa yo disponib piblikman sou sitwèb li a.



# Konsèvasyon Dosye

- Si Distri a gen konesans aktyèl sou asèlman seksyèl nan yon pwogram edikasyon oswa aktivite nan Distri a, epi pou nenpòt rapò oswa plent fòmèl sou asèlman seksyèl, Distri a dwe kreye epi kenbe pandan yon peryòd sèt (7) ane dosye sou nenpòt aksyon, ki gen ladan nenpòt dispozisyon pou sipò, ki pran kòm reyakson ak yon rapò oswa yon plent fòmèl pou asèlman seksyèl.
- Distri a dwe jistifye baz pou konklizyon li a ki montre repons li a pa t endiferan volontèman, epi pwouve li te pran dispozisyon pou retabli oswa prezève aksè ekitab nan pwogram edikasyon oswa aktivite Distri a. Si Distri a pa bay yon moun ki pote plent dispozisyon pou sipò, lè sa a, Distri a dwe jistifye rezon ki fè yon reyakson konsa pa t derezonab yon fason byen klè selon sikontans yo konnen yo.



**SHIPMAN**

Senaryo

# Senaryo 1:

Yon elèv nan klas matènèl bo yon lòt elèv nan klas matènèl nan vizaj sou lakou rekreyasyon an.

*Ki jan ou t ap reyaji?*

*Ki enfòmasyon ou vle konnen?*

*Èske sa gen rapò ak asèlman seksyèl?*

## Senaryo 2:

Nan plizyè okazyon sou yon peryòd plizyè mwa, yon elèv uityèm ane manyen yon lòt elèv pa dèyè nan liy pou dejene a epi li fè blag, remak ak jès ki gen karaktè sèksyèl.

*Ki jan ou t ap reyaji?*

*Ki enfòmasyon ou vle konnen?*

*Èske sa gen rapò ak asèlman seksyèl?*

# Senaryo 3:

Pandan tout sezon lakwòs inivèsité pou ti gason yo, kapitèn ekip la fè remak ki baze sou sèks nan direksyon yon lòt manm nan ekip la, li rele elèv la "masisi" ak "pede." Non sa yo ekri tou nan vestyè kabin twalèt yo. Víktim nan pote plent bay youn nan antrenè adjwen yo. Antrenè adjwen an di víktim nan konpòtman kapitèn nan se jis konpòtman "ti gason gen ak ti gason" epi li raple víktim nan li bezwen "pi djanm" pou l jwe nan ekip inivèsité lakwòs la. Apre sa, víktim nan kite ekip la.

*Èske sa a se asèlman?*

*Si wi, ki kalite asèlman?*

*Èske se entimidasyon?*

*Èske distri eskolè a responsab pou konduit antrenè a?*

*Èske distri eskolè a responsab pou konduit elèv yo?*

# Senaryo 4:

Dènyeman, paran elèv nan lekòl ou a te fè konseye pedagojik la konnen yon elèv gason nan lekòl ou a te fè agresyon seksyèl sou pitit fi yo a andeyò lakou lekò la. Konseye a ankouraje yo depoze yon plent nan lapolis, li voye elèv la bay konsèy sou vyòl la, epi li bay elèv la yon dispans pou tout egzamen final yo. Konseye a enfòme direktè a tou. Lòt elèv nan lekòl la tandem rapò a epi yo kòmanse anmède viktim nan nan lekòl la ak sou rezo sosyal yo. Konseye a kapab idantifye youn nan elèv ki swadizan ap anmède l yo. Yo pa enfòme ni paran yo ni elèv la sou okenn ankèt oswa sou rezulta okenn egzamen yon pèsonèl distri a fè sou pwoblèm nan. Paran yo depoze yon plent nan OCR.

*Èske sa a se asèlman?*

*Si wi, ki kalite asèlman?*

*Èske se entimidasyon?*

*Evalye aksyon konseye a - ki bagay ou t ap fè yon lòt jan, nan sitiyasyon sa a?*

*Evalye aksyon direktè a - ki bagay ou t ap fè yon lòt jan, nan sitiyasyon sa a?*

# Senaryo 5:

Ti gason uityèm ane yo t ap jwe "etenn limyè" kote yo ta etenn limyè vestyè yo epi yo t ap "bosi do yo" epi "fè wonn" ti gason setyèm ane yo. Yo te jwe yon jwèt tou ki rele "abdomino avèk je bande" ki mande pou konvenk youn nan elèv yo li pa kapab fè yon abdomino avèk je li yo bande, konsa lè li ta eseye fè abdomino avèk je yo bande, li t ap frape figi l nan dèyè youn nan elèv uityèm ane yo ki toutouni. Nan yon okazyon, elèv uityèm ane yo te pran youn nan elèv yo, yo te fòse l chita atè, yo te desann pantalon l epi yo te foure yon makè nan twou dèyè l. Lè antrenè a te aprann ensidan an, li pa t rapòte l bay administratè yo pandan li t ap eseye detèmine si rimè sou ensidan an te verite

*Èske sa gen rapò ak asèlman seksyèl?*

*Ki sa distri a ta dwe fè?*



## **Mathis v. Konte Wayne Bd. of Ed.**

No. 11-5979, 2012 U.S. App. LEXIS 18013, 2012 WL 3608598 (6th Cir. 23 Out 2012)

- Apre yo te sispann elèv uityèm ane yo, elèv yo te fè fas ak plis asèlman nan lekòl la, tankou elèv yo t ap plede fè kòmantè sou lavi seksyèl youn nan elèv yo apre yo fin aprann ensidan makè a.
- An repons ak ensidan yo, lekòl la te mande pou elèv setyèm ak uityèm ane yo itilize vestyè a nan moman ki diferan, li te mande pou yo kite pòt vestyè a ouvè pandan y ap itilize l, li te egzije pou gen yon lòt antrenè pou siveye tigason yo pandan yo nan vestyè a, li te mande antrenè a pou l pi byen siveye ekip la, li te ofri fòmasyon sou entimidasyon ak bay konsèy. Lekòl la te sispann elèv yo tou pou 11 jou nan lekòl la ak yon mwa nan ekip la epi li te bay antrenè a yon reprimann alekri paske li pa t rapòte ensidan an.

- Jiri a te bay chak elèv \$100,000 kòm dedomajman
- Sizyèm Awondisman an konfime

# Leson yo aprann – Mathis v. Konte Wayne

Entèvni san pèdi tan chak fwa pèsonèl eskolè a obsève oswa okouran sou konduit mechan yon elèv, menm si konduit sa a pa satisfè definisyon eta oswa distri a sou "entimidasyon" oswa "asèlman."

Anplis sanksyon disiplinè yo, lekòl yo gen dwa anvizaje lòt posiblite ki apwopriye ak sanksyon disiplinè yo, tankou konsekans ki adapte ak laj yo ak lòt entèvansyon pou reparasyon oswa rekou.

Lè gen dout, swiv pwosedи plent ki pi konplè yo (petèt Title IX)

Fè atansyon ak pwoblèm vanjans epi fè swivi sou sitiyasyon an.  
Li pa fini toutotan li pa fini.

# Senaryo 6:

Elèv ki lesbyèn, omoseksyèl, bi-seksyèl, ak trans-seksyèl rapòte kondisip yo t ap pase yo nan betiz, yo te pipi sou yo epi yo te blese yo fizikman. Nan kèk ane ki sot pase yo, distri sa a te wè nèf (9) elèv, kat (4) ladan yo ki te idantifye kòm omoseksyèl, touye tèt yo. Lekòl la trete plent yo sou yon baz endividiyèl men asèlman an kontinye.

*Èske distri a te fè yon bagay ki mal?*

*Ki jan distri a ka travay pou chanje anviwònman sa a?*



## Dosye Title IX: Anoka - Distri Eskolè Hennepin

(2012)

- Asèlman seksyèl ant kamarad ak diskriminasyon sou baz sèks ak oryantasyon seksyèl
- Akizasyon sou abi vèbal ak fizik "san kanpe"
- 6 elèv mouri
- DOJ/OCR rive jwenn yon dekrè konsantman ak distri eskolè a k ap peye moun ki fè plent yo \$270,000
- Men, sonje dènye renonsyasyon OCR konsènan pwoteksyon pou elèv trans-seksyèl yo

Pa anpeche Distri a mennen ankèt ak pran dispozisyon ki apwopriye pou pwoteje elèv yo.

**SHIPMAN**

# Lòt Kondisyon sou Distri Anoka-Hennepin

Revize règleman ak pwosedi yo lè yo sèvi avèk konsiltan ki pa gen patipri

Anboche Kowòdonatè Title IX

Fòme elèv yo ak anplwaye yo sou asèlman seksyèl

Anboche konsiltan sante mantal

Mennen ankèt kont-entimidasyon chak ane

Identifye "pwen sansib (hotspots)" anrapò ak entimidasyon

Etabli pwogram siveyans pou evalye efikasite efò k ap fèt kont asèlman yo

Bay DOJ ak OCR rapò

Depatman Jistis ak Depatman Edikasyon an toujou gen otorite pou sipèvize pwogram distri a epi yo ka gen aksè pou evalye nenpòt ki lè

# Dènye Panse yo



Egzamine règleman ak pwosedi distri yo konsènan nouvo règleman federal yo



Swiv pwosedi yo



Rete ekilibre nan aplikasyon tout pwosedi yo




Elimine prejije ak konfli enterè nan ankèt la ak nan pran desizyon yo



Fòme tout anplwaye konsènan "konesans aktyèl" sou asèlman seksyèl ak egzijans konsènan rapò



Egzamine epi aplike Plan Sekirite Klima Eskolè a (dapre lwa entimidasyon CT) ak lòt pwogram etid pou anpeche ensidan sou asèlman seksyèl.



**ctschoollaw.com**

**Sit nou an entere se ak nouvo  
pwoblèm nan lekòl yo**

**Enskri  
pou resewva mizajou yo  
[ctschoollaw.com/subscribe](https://ctschoollaw.com/subscribe)**

# Questions?



*Thank you for joining us!*

These materials have been prepared by Shipman & Goodwin LLP for informational purposes only. They are not intended as advertising and should not be considered legal advice. This information is not intended to create, and receipt of it does not create, a lawyer-client relationship. Viewers should not act upon this information without seeking professional counsel.